


THE
CAMBRIDGE
DEPARTMENT
OF PUBLIC
WORKS



KONSÈNAN PWOJÈ ENFRASTRIKTI PÒ A

Pwojè Enfrastrikti Pò a gen travay modènizasyon ladan li k ap koute plis pase 35 milyon dola:



Kanalizasyon



Drenaj



Dlo



Wout &
Trotwa



Pyebwa &
espas lib

Katye pò a ekspoze ak inondasyon epi evalyasyon chanjman klima Vil la te demontre risk inondasyon yo ap ogmante, poutèt gwo frekans aktivite kout ak vyolan siklòn yo.

Pwojè sa a pral pèmèt yo diminye frekans ak fòs inondasyon dlo lapli ak debòdman kanalizasyon yo nan katye a, epi amelyore enfrastrikti sifas katye a, tankou wout yo, trotwa yo, pyebwa lonbraj yo, amenajman peyizaj yo, jaden, ak espas lib yo.

Pwojè a gen pou yo konstwi twa rezèvwa anba tè. Rezèvwa yo pral pran dlo lapli a epi ale ak li nan sistèm yo k ap kapab evakye dlo a epi fè li tonbe nan rivyè Charles la. Sepandan, Pò a pral toujou rete ekspoze ak inondasyon pandan gwo aktivite siklòn yo. Yo pral kapte dlo sal yo epi konsève yo pou diminye debòdman kanalizasyon pandan gwo aktivite siklòn yo.



Bishop Allen Drive ki nan School Street te inonde aprè yon siklòn nan mwè Jiyè 2010 la.



Yo konstwi rezèvwa pakin 6 la pandan faz 1 an.

Aprann konsènan Faz 1 an

FAZ 1, PRÈSKE FINI

Y ap reyalize pwojè a nan de faz. Faz 1 an gen konstriksyon rezèvwa pou dlo lapli a anba tè a ki nan pakin minisipal 6 la (Parking Lot 6, PL6) Bishop Allen Drive la.


Konstriksyon faz 1 an te kòmanse nan mwa Dawout 2018 la epi travay yo ta dwe fini nan fen lane 2020 an. Sa pral gen kòm rezilta avantaj imedya kominote a pandan l ap diminye inondasyon nan Pò a pandan siklòn lan.

Pwoblèm Aktyèl yo



San rezèvwa pou kenbe dlo yo, inondasyon yo* ap fèt pandan ti siklòn de tanzantan yo.

Yo enstale rezèvwa pou kenbe dlo yo



Après yo fin enstale nouvo rezèvwa pou kenbe dlo yo, inondasyon* yo pral diminye pandan ti siklòn tanzantan yo. Sepandan inondasyon yo kapab toujou fèt pandan gwo siklòn yo.

Plan Kat



Dlo Lapli
Rezèvwa pou
kenbe dlo yo



Inondasyon
Domèn



Kanalizasyon
Rezèvwa pou
kenbe dlo yo

*yo prevwa pou inondasyon yo fèt nan lane 2030, siklòn 10 zan/24 èdtan.

Aprann konsènan Faz 2 an


FAZ 2, GEN POU VINI

Nan kad Faz 2 a yo pral konstwi rezèwva pou dlo lapli ak dlo sal yo nan zòn teren baskèbòl la ki nan Pak Clement G. Morgan, ant Ri Comumbia ak Washington lan. Teren Baskèbòl ak lòt zòn nan pak la ki an konstriksyon yo; y ap ranje yo lè pwojè a fini. Li posib tou pou yo fè lòt chanjman ak modènizasyon nan Pak la, selon kòmantè kominote a. Faz 2 a genyen ladan li tou modènizasyon sèvis piblik ak prive ki anba tè a deja, ansanm ak wout yo, twotwa yo ak lòt espas piblik lib nan zòn pwojè a yo prezante anba la.

Etandone chanjman klima epi ete yo vin pi cho, ogmantasyon tanperati a ak pyebwa yo k ap pèdi fèy rann tanperati a "debòde" sou wout ak twotwa yo. Pyebwa yo kontribye pou fè chalè yo bese nan sezon ete a, redwi depans klimatizasyon kay yo, epi amelyore kalite lè a. Vil la pran angajman pou li ogmante kantite pyebwa yo sou wout yo ak twotwa yo epi diminye sifas asfalte yo nan pwojè konstriksyon sa a.

Konsepsyon faz 2 a nan premye etap li, aktyèlman y ap fè etid teren.


Konsepsyon teknik detaye yo pral kòmanse nan sezon Otòn 2020 epi ap kontinye jiska sezon Otòn 2021. Konstriksyon faz 2 a ta sipoze kòmans nan lane 2022 epi pran 36 mwa.



Patisipe

KI MOUN KI VLE PATISIPE?

Vil Cambridge la ap chèche volontè pou sèvi nan yon nouvo **Gwoup Travay** ki pral ede dirije Pwojè Enfrastrikti Pò a. Gwoup la pral bay Manadjè Minisipal la Louis A. DePasquale konsèy ansanm ak manm pèsònèl li a sou kesyon enpòtan ki gen rapò ak planifikasyon pi konsepsyon pwojè enpòtan sa a.



Gwoup la pral gen ant 10 a 15 moun yo nonmen ki pral rankontre detanzantan pandan yon peryòd tan sòti 12 pou rive jiska 18 mwa apati Otòn 2020. **Moun ki entereze yo nan Pò a epi ki gen dezi pou travay ak estaf minisipal la epi vwazen yo sou pwojè enpòtan sa a nou ankouraje yo aplike.** Reyinyon Gwoup Travay la tout moun ap kapab wè yo epi vityèl pa twò lontan.

ÈSKE W ENTERESE ENSKRI NAN GWROUP TRAVAY LA?

Aplike : www.cambridgema.gov/apply

**Fòm demann yo disponib nan Biwo Manadjè Minisipal la nan Meri Vil Cambridge la, 795 Massachusetts Avenue.*

Delè: Dènye dat pou voye aplikasyon an tounen se vandredi 18 septanm 2020

Ou bezwen plis enfòmasyon: Kontakte Jerry Friedman, Sipèvizè Jeni Sivil, Ministè zèv Piblik (Travo Piblik), 617-349-9720 or jfriedman@cambridgema.gov

POU OU KONNEN PLIS RETE AN KONTAK.

Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite sitwèb pwojè a:
www.cambridgema.gov/theworks/theport

Enskri chantye pwojè a pou yo kapab ajoute ou nan lis imèl pou resevwa enfòmasyon ak avi alavni.

Ou ka poze kesyon oswa kòmantè bay:

Jerry Friedman

Sipèvizè Jeni Sivil

Ministè Zèv Piblik (Travo Piblik)

617-349-9720 oswa jfriedman@cambridgema.gov

Pou w wè manyèl sa a an Panyòl, Pòtigè, Mandaren, oswa Kreyòl Ayisyen, tanpri vizite sitwèb pwojè a.



KONSÈNAN LOGO PWOJÈ A

Chak pati nan logo a reprezante modènizasyon yo dwe fè nan enfrastrikti yo nan kad Pwojè Enfrastrikti Pò yo. Modènizasyon sa yo, yo idantifye sòti anwo ale anba, gen ladan yo: espas lib, twotwa ak wout yo, kanalizasyon yo, drenaj ak kalite dlo rivyè Charles la.